

3 janvyè

Vrèmanvre, depi Bondye kreye lemond, bagay nan Bondye ki envizib, tankou pisans etènèl li, epi kalite li yo kòm Bondye, yo klè nan je, lè moun konprann yo nan sa ki te kreye yo. Donk, lèzòm sans eskiz. Women 1. 20

Ala bon sa pral bon nan peyi a ! Ala bèl peyi a pral bèl ! Zakari 9. 17

Yon siyati ki nòb

Yon kamarad mwen te ofri yon kalandriye bibliik, refize sa m ba li a.

– Li di m konsa, mwen pa yon moun ki gen lafwa.

– Wi, lafwa sanble manke fèmte nan rezònman lèzòm, men èske ou pa janm doute ? Epitou, zafè Bondye egziste a, èske se yon bagay moun pa kapab konprann ?

– Pou m di vre, majeste ak bèlte pye bwa yo anba lanèj, fè m plezi anpil, epi kesyon sa toujou monte nan tèt mwen : e si se ta vre Bondye egziste ?

Souvan, mwen panse de konvèsasyon sa a. Lanati mèvèye sa, se travay nòb yon gran atis. Nou jwenn siyati li nan ti flè ki pi senp la. Fason inivè a ranje, ak fason tout sa ki gen lavi fòm ak bagay ki diferan, tout sa temwaye sajès li ki san limit. Tè a, se yon ti planèt ki pèdi nan mitan yon galaksi ki gen ladan l plizyè santèn milya galaksi. Tout sa “fè parèt aklè glwa Bondye” (Sòm 19. 1).

Se pa sèlman pisans Bondye ki fè li gran. Pa gen moun ki ka egzamine lanmou li tou. Moun ki kòmpanse kwè nan lanmou sa, reyalize byen vit, se sèl ti moso ladann li wè.

Petèt, tankou kamarad mwen an, ou di ke ou menm se yon moun ki pa gen lafwa, ki gen kèk dout... Bondye tou pre ou. Lapriyè nan pye l, pale ak li ak yon kè ki sensè. L ap montre ou kilès li ye.

3 janvier

Depuis la création du monde, ce qu'il y a d'invisible en [Dieu], c'est-à-dire à la fois sa puissance éternelle et sa divinité, se discerne au moyen de l'intelligence, d'après les choses créées. Romains 1. 20

Combien grande est sa bonté ! et combien grande est sa beauté ! Zacharie 9. 17

Signature majestueuse

Un collègue, à qui j'offrais un calendrier biblique, refusait mon offre.

— Je ne suis pas croyant, me dit-il.

— Oui, la foi paraît inconsistante pour la raison humaine, mais n'as-tu jamais de doutes ? Après tout, l'existence de Dieu est-elle si inconcevable ?

— J'avoue que la majesté et la beauté des paysages enneigés en montagne me fascinent, et cette question ressurgit toujours : et si Dieu existait ?

J'ai souvent pensé à cette conversation. La nature merveilleuse est l'œuvre majestueuse d'un très grand artiste. Sa signature se retrouve dans la plus modeste fleur. L'organisation de l'univers, la complexité des êtres vivants témoignent d'une infinie sagesse. La terre est une petite planète perdue dans une galaxie qui contiendrait plusieurs centaines de milliards d'étoiles, parmi des centaines de milliards de galaxies. Tout cela "raconte la gloire de Dieu" (Psaume 19. 1).

Dieu n'est pas seulement grand par sa puissance. Son amour aussi est insondable. Celui qui commence à croire à cet amour s'aperçoit très vite qu'il n'en entrevoit que le bord.

Peut-être, comme mon collègue, vous présentez-vous comme non croyant, avec quelques doutes... Dieu est tout près de vous. Priez-le, adressez-vous à lui avec un cœur sincère. Il se révélera à vous.